


CHIRAIRO

 ...pahuro pangu kubva mune shumiro zhinji, gumi neshanu kunze uko kuArizona. Takava nenguva inoshamisa. Ishe Jesu Vakatiropafadza zvakanyanyisa, kwazvo. Vakaedza zvishoma kushandisa zano raShe, ndinovimba kuti iyi, ndiyo ingava nzira chaiyo yekuzvitauro nayo, kupinda mukati motungidza-tungidza nzvimbo yacho nemoto, kutanga. Ndakapindamo mazuva akati kuti nguva yacho isati yasvika, ndikava neshumiro gumi kana gumi nembiri kumachechi acho makuru emuPhoenix yose, Sunnyslope neTempe nekuMesa zvakare nezasi kupfuura neikoko, uye tikaita sekutungidza-tungidza mativi ese nemoto zvikatungamira zvese kuhusiku hushanu hwekonivhenisheni. Uye yakava konivhenisheni hurusa yatakambova nayo muNorth America. Yakanga yakakura kwazvo. Kudya kwemangwanani kukurusa, uye—uye zvakare nema—mabiko husiku ihwohwo.

² Handina kukwanisa kuziva kuti vakanga vari vangani vakagamuchira Mweya Mutsvene. Vakanga—vakanga vakawanda kwazvo avo vakagamuchira Mweya Mutsvene, uye kuti vakawanda vakapodzwa ne—nevakaponeswa, zva—zvakaivonaka kwazvo. Saka tinotenda zvikuru Mwari tichiona nguva ichikwira kumusoro. Varume vakuru vazhinji vakauya. Mumwe wavo...

³ Izvi zvichaita Hama Neville zvinhu zvakanaka kwazvo zvakanaka. Ndakaona mushumiri wePresbyteriani, anobva muPresbyterian College hurusa yacho mu...munyika ino, achitamba muMweya. Oo, ini zvangu, chakava chimwe chinhu zvechokwadi, akagamuchira Mweya Mutsvene. Zvino ipapo akandiudza, akati, “Ndine imwe yematepi enyu.” Akati, “Yakanga isina kunyatsonaka.” Akati, “Yaingova nepamwe paisangonyatsonzwika, asi,” akati, “ndakaitora ndikaenda nayo muchikoro changu ndokuiridza.” Ndokuti...Sezvo aive iye murume mukuru wedzidzo yepfungwa ipapo, akavaita kuti vese vanyarare. “Manje, vakakwanisa kuRinzwa kamwe chete, zvisinei,” akadaro. Uye akati aiva ane...

⁴ Zvino akati akatanga kutamba muMweya muhechi make, mushure mekunge agamuchira Mweya Mutsvene, zvino vakati, “Mufundisi, muchadzidzira rinhi mamwe matambiro matsva?”

⁵ Akati, “Kana ungoro yangu yadzidza iwo aya.” Ndakafunga kuti zvaive zvakanakisa, munoziva, hutungamiri hwePresbyteriani, hongu, akati, “Kana ungoro yangu yadzidza iwo aya.” Saka ichocho chinhu chakanaka. Sezvingori muheche mudiki, achingori matsva asi zvakadaro anga ari...Zvino, munoziva zvaizofanira kunge ari, kuti ave purofesa wedzidzo

yepfungwa pachikoro chikurusa chePresbyteriani muBoston, zvakanaka, chiri muUnited States.

⁶ Ndakaona mumwe wevanachiremba vakuru vemoyo wekwaMayo achiparidza Evhangeri muMweya uye achitaura nendimi. Oo, ini zvangu! Ndakaona mumwe mazvikokota, aive muSeventh-day Adventist, anobva ku...Aive ma—ma—mazvikokota wekurapa moyo nepahuro vakare, uye iye, ari mutana, akagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. AkaUgamuchira. Humwe husiku ndakaturika maoko pamusoro pake muruvanze, uye akagamuchira Mweya Mutsvene. Saka tiri...zvinyori zvinhu zvakanwanda kwazvo zvakaaitwa naIshe wedu zvatintenda nazvo, uye kunyanya kuvziona panguva ino.

⁷ Ndikabva ndati kwavari, “Munocherechedza here kuti ino inguva ipi apo mhandara yakarara iri kutanga kukumbira mafuta?” Yaive nguva yekuuya kweChikomba, uye vanhu, Avo vakanga vakagadzirira vakapinda. Oo, ndinofara kwazvo kuziva kuti tiri kurarama pano mumazuva ano ekupedzisira. Maona? Ndinotenda kuti tiri kurarama mune imwe yenguva dzinoshamisa kwazvo dzati dzambozivikanwa pasi rese, pangori pazuva iro rinoteverwa nereKuuya kwaShe. Hazvina kunakisa here izvi? Pafungei, kuti chero nguva hayo zvino, Rugwaro rwese rwave pedyosa nekuzadzikiswa! Uye saka tiri kuMutarisira chero nguva. Uye tinofanira kurarama tiri pasi pemhando dzakadaro dzekutarisira, kuti, chero nguva ipi zvayo zvinogona kuitika. Gara wakanamata, wakagadzirira!

⁸ Pane dzimwe dzenhaurirano nhasi, ini, mumwe, ndasangana nemumwe mumishinari wekuFormosa, mukadzi wehumhare, ane makore makumi manomwe nematatu ekuberekwa, zvokuti anoita sekunge ane makumi mana nemashanu. Uye iye achiri kunzi mu—Muzvare, uye anofanira kunge aive tsarakadenga pahudiki semusikana. Uye akati akakudzwa mumusha weChikristu umo “hongu” yaireva kuti hongu, uye “kwete” yaireva kuti kwete. Zvino akakurira pasi pedzidziso yakaoma yakadaro. Iye ndokuti, “Hama Branham, pazera rekuti, oo,” akati, “anenge makore masere ekuberekwa, ndakafunga kuti ndakapa hupenyu hwangu kuna Ishe Jesu.” Akati, “Anenge makore gumi nemaviri ekuberekwa, ndakanyengerwa nemumwe mushumiri wesangano, kuti ndinofanirwa kuwana chikomboro chechipiri,” uye akati, “zvino ndakanyengerwa zvikuru mazviri.” Asi akati, “Kunge pamakore gumi nemanomwe ekuberekwa, ndakagamuchira Mweya Mutsvene zvechokwadi.” Uye akadzoka kuno zvino ari kuedza kumutsa mamwe emachechi akarara eBaptisti. Akati kana—kana paine chinhu chaakaona “chakafa,” iye muBaptisti pachake, akati, “ndiwo aya machechi eBaptisti akafa seri kuno uku.” Akaadaidza kuti “mamochari.”

⁹ Ndikati, “Zvakanaka, ndinofunga kana imi muri pamberi pehondo...” Ndinofunga iko zvino ane...Chimbofungai, ini,

ndine makore makumi mashanu nemaviri, akanga atobuda kunze semumishinari ndisati ndaberekwa. Zvino ndaifunga kuti ndakwegurisa kuti ndipinde mumunda wekuvhangeri. Uye ndinofunga, “Ini zvangu, ndiregerereiwo, Ishe.”

¹⁰ Uye iye, akangosimba, achipenya uye akabengenuka sezvaaigona kuva. Uye achindiudza zviitiko zvemunzira, uye kuti Evhangeri yaidiwa sei muFormosa ne—nemuChina, neJapan, nekumwe kwakadaro. Nokudaro vakamudzosa kubva mumunda wekuvhangeri, vakati, “Iwe haugone kuenda mumunda wekuvhangeri mushure mekunge wapfuura zera remakore makumi manomwe, munoziva.” Saka vakamudzosa. Asi haasi kuzogara akanyarara, ari kuenda kumakonivhenisheni ose aya eBaptisti. Iye ndokuti, “Billy Graham,” akati, “nzira yaanga achibata nayo mharidzo yeBaptisti, yakava mungava kucheche yeBaptisti.” Akati, “Haaende mberi navo zvakakwana kuti vawane Mweya Mutsvene,” akadaro. Oo, hanzvadzi, garai naizvozvo chaizvo. Ndizvozvo. Iye akati, maChina ari kumashure uko, akati akanga asingangovasiya vachienda vachiti, “Tinotenda Jesu Kristu.” Akati, “Zvakanga zvakana hazvo.” asi akati aivaita kuti vagarepo kusvikira chimwe chinhu chaitika, uye ipapo vobva vava Makristu chaiwo.

¹¹ Ndikati, “Ndiwo mafambiro azvo, hanzvadzi. Ingovaudzai, ngavagarepo kusvikira chimwe chinhu chaitika.”

¹² Ko dai vaapostora vakati, zvino, mushure memazuva mapfumbamwe, “Tinotenda kuti taUwana, munoona, ngatiUgamuchirei nekutenda uye toenderera mberi nebasa redu.” Munoona, zvingadai zvisina kumboshanda. Vakamirira vari ipapo kusvikira vaziva kuti pane chinhu chaitika. Uye ndiro dambudziko redu nhasi, hatigare nguva yakareba zvakakwana. Zvakana, ndicho chikonzero mushure meizvozvo tinogona kungorarama chero mhando yehupenyu, kuita chero chinhu, hazvimbotinetsa kana, nekuti hatigarepo nguva yakareba zvakakwana. Nhasi tirimo, mangwana tiri kunze, uye nenzira *iyi* nenzira *iyu*. Kana tikagara nguva yakareba zvakakwana kusvikira wapinda mukati wovhara musuwo shure kwako, uchagara ipapo zvino. Wakasimbiswa kusvikira pazuva rekudzikinurwa kwako. Ndinofara kwazvo nekuda kwaizvozvo.

¹³ Uye takava nenguva yakanaka kwazvo, sezvandataura, kuPhoenix nemumupata uye neMakristu mazhinji ikoko, vazhinji vavo vakabatirira nehupenyu hwakakosha.

¹⁴ Ndakakwira kumusoro paSouth Mountain, mudzimai wangu ari kumashure uko, neni. Rimwe zuva apo, shamwari dzedu, munin’ina wangu, Doc, akachengeta vasikana vaviri, uye—uye Hama neHanzvadzi Wood vakachengeta mukomana, uye ini nemudzimai wangu takava neimwe nguva yechipiri yekusasana kwevachati. Zvino mudzimai ndokuti, “Bill, unoziva, iyi yanga iri nguva yekusasana kwevachati chaiyo

kupfuura yepakutanga.” Akati, “Kekutanga patakaenda panguva yekusasana kwevachati, chinhu choga chandakaita kwaingova kugara mumusasa ndichikumirira kuti udzoke kubva kunovhima,” akadaro.

¹⁵ Ndakaita sokushandisa kamwe kazano kadiki, munoziva. Ndakafunga, “Zvakanaka, iko zvino, handina mari yakawanda.” Yaive yachengeterwa mugaba rebaking powder, yaikwana kuti ndiende parwendo rwekunovhima, asi zvakadaro ndakanga ndiri kuzochata mumatsutso iwayo. Saka ndakafunga, “Ndongozvibanidza zvese pamwe chete,” munoziva. Uye—uye pandakanga ndiri parwendo rwekunovhima, kwaizova kusasana kwevachati, munoziva, saka takazvibanidza. Asi panguva ino takazvibhadharira ndokunyatsobuda tichienda, uye, chaizvo, takava nenguva yakanaka.

¹⁶ Uye vazhinji vavo vakabva patabhenakeri iri pano. Ndinotenda Hama Sothmann, mhuri yavo iri kumashure uko, uye naHama Tom Simpson nevamwe, naHama Maguire, uye isu tose takava nenguva huru munaShe.

¹⁷ Saka takaenda kuSouth Mountain, ringori kumaodzanyemba kwePhoenix, zvino ndokuenda tichibva pane zviya zvinomanikidza. Umh! Zvinomanikidza zviru muguta rechimanjemanje! Ndiko kusaka apo vanhu pavakatanga kuwanda panyika, chivi, nemhirizhonga zvapakapinda. Zvino ndakatarisa kumusoro ikoko, uye ndakagara pakakwirira kwazvo kuitira kuti tione mupata wePhoenix, ndikati kumudzimai wangu, “Hameno kuti kangani, kubva patagara pano mumaminiti gumi nemashanu aya, kuti Zita raShe ratorwa pasina muguta iro?” Hmm?

¹⁸ Zve, zvakanaka, munzvimbo yeguta rakakura, richitora Tempe uye—uye neSunnyslope, uye nekupfuura neimomo, ndinofungidzira kuti pane vanhu miriyoni vari mumupata iwoyo. Ndikati, “Makore mazana matatu apfuura makanga musina chimwe chinhu kunze kwemadhorofiyo nemakava imo muno. Uye pamwe, mumeso aShe, zvingava nani dai zvadzokera kuva saizvozvo.” Ndizvozvo chaizvo. Kunyange hazvo guta guru—guru ravakavaka ipapo, nedzimba dzakanaka nezvakadaro, zvichiyevenda. Asi zvingava zvakanaka, zvaizova zviru nani kana dai varume nevakadzi vaifamba vachikwira nekudzika mumigwagwa vakasimudza maoko avo mudenga, vachikudza Mwari pamwe nekuVatenda. Asi, panzvimbo yaizvozvo, vari kutuka, nokungoenderera, vachinwa. Ingoregai budiro yehungwaru ichipinda, ipapo huipi hwatovepo.

¹⁹ Ndikati, “Hupombwe hungani hwakaitwa manheru apfuura, husiku hwapfuura muguta rino! Vangani vakadhakwa! Dzimba ngani... Zvingani—zvingani zvinhu zvisina hunhu zvaitwa muawa yadarika, muguta guru rino!”

20 Zvino mudzimai akati kwandiri, ipapo akataura chimwe chinhu chakadai, ndichifunga hangu, “Saka zvinobatsirei kuuya kuno zvino? Wabvirei kumba uchiuya kunze kuno?”

21 Ndikabva ndati, “Hezvino zvazviri. Mushure mezvose izvozvo, zvinova chaizvo zviri muruzhinji, asi kune boka diki revashoma zasi uko. Minamoto mingani yakatendeka yakaenda kudenga manheru apfuura zasi uko, yevari kungouya kushumiro?”

22 Uye Vakaita zvakanaka kwatiri zvokuti machechi aitozara zuva risati ranyura, zvekutoti hawaignona kupinda muruvanze rwakapoteredza nzvimbo yacho. Naiwo masanganano acho nevakadaro, uye Ishe vakadurura Mweya waVo vakavaropafadza. Uye handina kumbodzora zvizbhakera, ndakaramba ndichingorova paEvhangeri. Uye dzimwe nguva, hongu, zvakati kwashararei kwazvo, asi ndiyo nzira bedzi yandinovzivisa nayo. Makakwasharara imo muno. Saka kuchange kwakatowedzera kukwasharara paDare reKutongwa patinofanira kuzomisidzana nazvo. Saka, pamwe chete, chaive chinhu chakabwinyiswa. Uye tinoda kutenda chechi iri pano nekunamata uye nokubatirira patiri, ne—nekutichengetedza tiri pedyo nemuchinjikwa.

23 Uye zvino patadzoka kumusha zvino, imo muno, uye ndingadai ndadzika mangwanani ano pamwe kuti ndigonamatira vamwe vevanorwara. Ndine nhaurirano dzakawanda dzakamirira, nyaya dzekuti dzimwe dzacho ndakadziwana mazuva mashoma kubva pandakanga ndiri pano, dzanga dzakamirira mwedzi wese wandanga ndisipo. Saka vari kuyedza kuenda kwavari nekukurumidza nepavanogona napo pese, vachivatora kubva kunzvimbo dzakasiyana-siyana kwavanenge vari.

24 Ishe vachitendera, mune mamwezve mavhiki maviri, ndichaenda kuTucson, uko zasi kwakadzikira. Uye zvino vanamuzvinabhizimisi nguva ino, saka munogona kunamatira izvi. . . Handifarire kuita chinhu kusvikira kutanga ndazvitenda kuti kuda kwaShe. Zvino, konivhenisheni inotevera iri kuuya muModesto uye kubva ipapo toenda kuWashington, mudunhu, reWashington, uye nekuZurich, tevere Palestine, uye tozonopinda muSouth Africa. Uye izvozvo zvese zvichaitika pakati pazvino naChikumi. Uye ndakakokwa kuti ndive mutauri pamakonivhenisheni ese aya. Uye zvinogona kundipa mukana wekupinda muSouth Africa zvakare. Kufona kwavanoita, mwedzi wega-wega tinowana kokero. Asi kana imwe. . .

25 Pane kupatsanuka kukuru mumachechi, machechi ePentekosti. Saka kana iwe ukaenda kune rimwe divi, rimwe racho harizove nechekuita nazvo. Uye havazobatirana pamwe chete, saka ndakangomira hangu kumashure zvino kweanenge makore mashanu ndiine kudanwa mumoyo mangu kuti ndiende.

Uye zvino, pamwe kana vanamuzvinabhizimisi vakanditora, zvakangokwana kuti nditsigirike, kubva kumativi ese maviri, munoono, uye zvinovaita kuti vese vasvike panyaya imwe. Vese vanofanirwa kuuya kuzobatirana mune izvozvo nekuti zvinodiwa zvemari zveavo—zvinodiwa zvemachechi avo ndipo pazviri, saka vanotofanirwa kuuya kuzotanda nyadzi dzavo, munoono. Saka pamwe kungava kuri kuda kwaShe, zvisinei, handizive. Zvinonzwika sezvakanaka, asi ini handizive.

²⁶ Uyezve, mugore rino, Hama Borders vakandipa hurongwa hwemafambiro, kana kuti, kokero dzacho. Uye, kutaura chokwadi, raive bhuku rakakora zvakapetwa kaviri *sezvizi* idzo dzakauya kubvira paKisimusi yapfuura, rekokero dzemunzvimbo dzakapoterredza. Zvakanyanyisa kuti pfungwa dzemunhu dziedze kuzvigadzirisa, saka handina kutora kana imwe chete yadzo. Ndichangatora musanganano mumwe chete, ndomirira kuona kwandichaudzwa naShe kuti ndiende kubva ipapo, zvino ndozoenda kunotevera, uye zvadaro nekunozotevera, uye nekweise kwaAchandiudza kuti ndiende. Saka, imi ndinamatireiwo.

²⁷ Ndinorangarira gore rakapera, zasi neHama...kana Hanzvadzi Cox zasi uko, apo Hama Arganbright vakandidaيدا kuti ndiende parwendo urwu kuAnchorage. Ko dai ndakaenda pane irworwo nekungofungidzira kuti zvainge zvakakanaka?

²⁸ Zvino, ndanga ndichifunga iya, *kufungidzira*, ndakaparidza pamusoro penyaya iyoyo. Ndakati pandakaendako, ndakaudza vakomana vematepi, “Musarekodhe matepi. Musaende kunoita matepi, ndichaparidza pamusoro pezvidzidzo zvimwe chete zvandakaparidza pano.” Ndinofunga ndakaparidza chimwe chandakaparidza pano, zvimwe zvose zvaiva zvitsva. Uye Hama Maguire vakadzitora, dzose hadzo.

²⁹ Kufungidzira. Saka dai ndakaenda, kumusoro ikoko ndichifungidzira, zvingadai zvakatosiyana nezvakazoitika, chiratidzo chingadai chisina kuzadzikiswa. Asi chiratidzo chakazadzikiswa, uye imi mose munozviziva izvozvo, kuti Ishe vakaropafadza sei.

³⁰ Zvino, pane chimwe chinhu changa chiri mumoyo mangu kwenguva yakareba. Chechi, chinamatirei. Imi vanhu mese muri pano munozviziva kuti kubva ndichiri mukomana mudiki handina kumbobvira ndakagutsikana munyika muno. Mwoyo wangu wese wagara uchishuvira Kumadokero. Uye ndinorangarira pandakanga ndichichekera ambhuya vangu uswa kumusoro uko kunzvimbo yacho duku yaiva iyo... yakanga iri yechechi pano, nzvimbo iyoyo. Ndakanga ndakagara pamasitepisi, zvino Mweya Mutsvene wakataura kwandiri, Akati, “Handikwanise kuenderera mberi nekukuropafadza kusvikira waNditeerera zvakakwana, saAbrahama.” Maona? Uye, Abrahama, Mwari Vakamuudza kuti azvitsaure aende

kwake ega. Uye, paakadaro, akaenda pamwe nababa vake, mwana wemunin'ina wake. Uye kusvikira Abrahamama azoteerera Mwari zvakazara, ipapo pakava nekuzadzikiswa kwakakwana kweizvo Mwari vakanga vamuvimbisa. Zvino chisungo, chimwe chezvisungo zvikuru zvakanga zvakandisungirira pano, vaiva amai vangu. Munozviziva izvozo. Uye zvino amai vakaenda kunova naIshe Jesu. Uye ha—handizive kuti ndonanga nenzira ipi, kuti ndoita sei, saka ndinamatireiwo.

³¹ Zvino, Hama Neville, ndafamba ndichibva papuratifomu, ndikafunga kuti, “Zvakanaka, regai ndiende ikoko.” Mumwe munhu ndokusangana neni akati, “Ini zvangu, vane shumiro huru ine zvakawanda husiku hwanhasi.” Akati, “Vachava neshumiro yekuparidza, shumiro yenziyo, shumiro yemunamoto, zvararo vozotora mipiro, ndokubva ati vane ku—vane kugezana tsoka, chirairo, neshumiro yerubhabhatidzo.”

³² Ndikafunga, “Hama inonzwisa urombo! Ini zvangu! Ini zvangu, zvose izvo, ndinoziva kuti chii, zvichida mushure mekuparidza nesimba mangwanani ano.” Zvino, ndafunga kuti, “Ndichangoverevedza ikoko, pamwe vangada kuti ndigopa chirairo.”

³³ Zvino vati, “Mungatiparidzirewo here manheru ano kana muchinzwa kutungamirwa?” Saka ndinoziva zvazvinoziva. Saka ndadzokera ndikanotora Gwaro pano ndikanyora manotsi mashoma, uye pamwe Ishe vachandibatsira kuti ndigopa Mharidzo pfupi yemaawa angangoita mana, uye shure tozova zvedu ne—nekushambidza tsoka dzedu, tevere chirairo. Zvakare, uye, oo, ini, pamwe ndichapedza nguva iyoyo isati yasvika. Aiwa, ndanga ndichingotamba nemi hangu. Maminitsi angangoita makumi maviri, makumi matatu, ipapo tozova nerubhabhatidzo, tsoka- . . . Chii chinotevera ino, chirairo? Chirairo chinotevera ino, kwozouya shumiro yerubhabhatidzo.

³⁴ Zvino, tinofara kuti muri kuzobhabhatidzwa. Zvino, kana Mwari vachida uye zvichiVafadza, uye kana zvakanaka kumufundisi nevanhu, Svondo inouya mangwanani ndichange ndiri zasi kuno kuzonamatira vanorwara, uye nekutaura, kana Ishe vachida, Svondo iri kuuya iyi, nekuti ini pamwe Svondo inotevera yacho ndichange ndaenda zvakare. Uye zvino kana ndirimo, ndinoda kuuyawo uye—uye ndotaura pano, nokuti takaita sokubatana pamwe chete sehama, uye Hama Neville neni pano, uye ti—tinodanana, uye ti—ti—tinoda kugara pedyo napedyo nekubatsirana se . . .

³⁵ Izvi zvinoita sekusaremekedza, asi ndinovimba kuti hazvinzweke saizvozo kwamuri, VaCory vakati imwe nguva, ivo . . . Ndakanga ndiri mukushambadzira marambi, ndichitengesa magirobho ekambani. Uye vakatenga magirobho akawanda aizovachengeta kwemakore mana kana mashanu, ini ndakavacheukawo ndichibva ndatenga Ford kubva kwavari.

Vakati, “Billy, ndinotenda kuti tiri kungokwenyana kumusana apa.” Saka ndizvo, handiti, zvakaite sekungobatsira panguva yepakunodiwa. Saka ndi—ndizvozvo. Isu tinoziva nzira yekuuya nayo kuzonunurana uye nekubatsirana.

³⁶ Zvino, ngatichiendai kune chikamu chazvo chekurevesa zvino, uye kana ndisiri kukanganisa, ndinotenda kuti ndiri kuona Hama Beeler kumashure uko, imwe hama mushumiri. Uye nhasi pandapfuura nepano, Hama Junie Jackson vanga vakamira kunze uko muchivanze pamwe naHama Creech. Vanombova here neshumiro pano dzimwe nguva? Shumiro yerubhabhatidzo, ndaona. Zvakanaka, tinogona kuvagadzirira mvura kana vaine wekubhabhatidza. Ti—tinayo mvura, zvakanaka.

³⁷ Saka zvino, nekuti tichazova nechirairo, ndakafunga kuti zvingava zvakanaka kana ndikataura pamusoro pechirairo kwemaminitsi mashoma.

³⁸ Zvino, tisati tasvika kuShoko, ngatiisei zvimwe zvese parutivi zvino, uye zvese zvehwana hudiki nehupwere hwedu, uye—uye toswedera muHupo hwaMwari nemunamato. Ngatinamatei. Zvino nemisoro yedu yakakotamiswa, uye ndinovimba nemoyo yeduwo zvakare, kana paine chikumbiro muno chingadaro . . . uchida kuchizivisa kuna Mwari, uye uchida kuti ndikurangerire pamberi paMwari, ungaita here kuti chizivikanwe nokusimudza ruoko rwako kuna Mwari. Mwari ngavape mumwe nemumwe chikumbiro chake.

³⁹ Mwari Samasimba, Baba vaIshe wedu Jesu Kristu, VakaMumutsa kubva kuvakafa ndokuMuisa kuruoko rwerudyi rweHumambo, achirarama nguva dzose kuti areverere pazvinhu zvatinotenda kuti Akatiitira, uye tichipupura kuti ndizvo. Tinonamata Ishe Mwari, kuti manheru ano, kuti Mutikanganwirewo zvivi zvedu. Oo, tinoda kugara pasi peRopa nguva dzose, nekuti hatizive kuti chii chingangoitika. Zvinhu zvose zvava kuda kupera, tinonzwa kudaro, Ishe, kuti Kuuya kwaShe kwaswedera. Uye tiri kugadzirira kupinda parwendo. Uye sezvatinofunga nezverwendo, tinogona kufunga nezvemasutukesi, uye—uye nezvimwezve zvipeko uye nedzimwezve shangu. Asi zvakasiyana sei nerwendo urwu! Harwusi rwekurongedza; nderwekutoburitsa, uchiisa parutivi. Semuranda weNyu mukuru, Pauro, akati muBhuku reVaHebheru, chitsauko 12, “Tinobvisa zvose zvinoremera nekusatenda kunotinamatira zviriri nyore, kuti tigomhanya nekutsungirira nhangemutange yakaiswa pamberi pedu.”

⁴⁰ Uye hatigoni kuporofita zvino pamusoro pezvinhu zvakanaka kunyika ino yechimanjemanje. Chinhu chega chatinogona kuporofita kuburikidza neMweya injodzi, matambudziko, kudengenyeka kwenyika, masaisai emafungu makuru, zuva nemwedzi zvichikundikana, chechi iri muzera

reRaodhikia, Kristu ari kunze kwemukova, achigogodza kuti apinde. O Mwari! SaMikaya wekare, aizoropafadza sei Ahabhu icho chiporofita chaipikisana naye? Muprofita mukuru uya, Eria, paakauya kwaari, uye nekuti akanga auraya munhu akanga asina mhosva, Nabhoti, saka akati, “Imbwa dzichananzva ropa rako.” Saka Mikaya aizoprofita sei zvinhu zvakanaka?

⁴¹ Ko vana vakazadzwa neMweya vanhasi vangaporofita zvakanaka sei kuvanhu vanoita zvivi, vasina kana hanya avo vakadzingira Ishe kunze? O Mwari, tinongoona kuvava kwekutongwa kuri mberi. Uye nekudanidzira kune avo vasina kururama, “Tizirai kunaShe, nekuti ndiYe Dombo munyika yakaoama! Iye ndiye Hutiziro munguva yedutu. Uye Zita raShe iShongwe Yakasimba, uye vakarurama vanomhanyira maRi uye vagochengeteka.” Tingafunga sei nezvemaguta makuru akavakwa, ehupoteri, uye kana uyo ari kumudzingirira... mushure mekunge murume uyu zvino apinda mu—mushongwe, akange akachengeteka, hapana chaigona kumubata. O Mwari, ngatimhanyi nekukurumidza kunaShe, nekuti ndiYe Hutiziro hwedu neSimba redu, nerubatsiro rwutoripo ipapo panguva yedambudziko. Saka, nekuona neziso rechapungu, tingati, dambudziko richiumbika, makore achikunguruka, mabhanan’ana nemheni yekutonga zvichidzika pamusoro penyika, tinoziva kuti dutu raswedera.

⁴² Manheru ano, Ishe, tinonamatira ava pano vakasimudza maoko avo. Handizive zvavanoda, Baba, iMi munoziva. Ndinonamata kuti Mugopa zvese kumweya yavo yakakosha, izvo zviri kurehwa kuseri kweruoko urwu rwakasimudzwa. Zviitei, Ishe. Podzai vanorwara. Nyaradzai vakaneta. Ipai mufaro kune vakamanikidzwa. Ipai rugare kune vakaneta, zvekudya kune vane nzara, zvekunwa kune vane nyota, mufaro kune vakasuwa, simba kuchechi. Ishe, hunzai Jesu pakati pedu manheru ano, patiri kugadzirira kudya chirairo chinomiririra mutumbi waKe wakamedurwa. Tinonamata, Ishe, kuti Achatishanyira nenzira iri pamusoro.

⁴³ Ropafadzai ungano iyi diki, mufundisi wayo anodikanwa, Hama yedu Neville nemhuri yavo, uye nemadhikoni, matirastii, nemunhu wese ari pano. Ropafadzai vamwe, Ishe, pasi rose, vakamirira nemufaro Kuuya kwaShe, marambi akagadzirwa, uye machimbini ose akanyatsopukutwa, uye Chiedza cheEvhangeri chichivhenekera munzvimbo dzine rima.

⁴⁴ Zvino, ndibatsirei, Ishe, neMashoko mashoma iwaya. Riropafadzei apo patinoRiverenga, uye mutipe zvariri kureva, nekuti tinozvikumbara nemuZita raJesu. Amen.

⁴⁵ Zvino tinogona kuvhura muBhuku, kuchitsauko 6 chaMutsvene Johane, uye zvingava zvakanaka kuti mumwe nemumwe wedu averenge chitsauko ichi chose kana taenda kumba. Ndinoda kuverenga, kutangira pandima 47, zvichidzika

kusvika pa 59, nedzese dzepakati, senzira yekuvaka musoro wenyaya pachidzidzo che: *Chirairo*.

Jesu achitaura zvino, pamutambo. Yakanga iri nguva huru, zvaive zviri mitambo iyi. Vakanwa mvura kubva mudombo, kumiririra Dombo raiva murenje. Uye vaidya, nekuti mana yakanga yawa mazana mazhinji emakore akanga apfuura, mukurangerira. Wakanga ungori mutambo wepaseka, sewatinawo husiku huno.

Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Uyo anotenda kwandiri ane hupenyu husingaperi.

Ndini chingwa chehupenyu.

Madzibaba enyu akadya mana murenje, uye akafa.

Ichi ndicho chingwa chinoburuka kubva kudenga, chekuti munhu adye pachiri, uye arege kufa.

Ndini chingwa chipenyu chakaburuka kubva kudenga: kana munhu akadya chingwa ichi, achararama nokusingaperi: uye chingwa chandichapa inyama yangu, yandichapa kuitira hupenyu hwenyika.

Zvino vaJudha vakakakavadzana pakati pavo, vachiti, Ko murume uyu angatipa seiko nyama yake kuti tidye?

Zvino Jesu akati kwavari, Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Kana musingadyi nyama yeMwanakomana wemunhu, nekunwa ropa rake, hamuna hupenyu mamuri.

Ani naani anodya nyama yangu, neanonwa ropa rangu, ane hupenyu hwusingaperi; uye ini ndichamumutsa nezwa rekupedzisira.

Nekuti nyama yangu chikafu chaicho, neropa rangu chinwiwa chaicho.

Anodya nyama yangu, neanonwa ropa rangu, anogara mandiri, neni maari.

Baba vapenyu sezvavakandituma, neni ndinorarama kubudikidza naBaba: saizvozvo uyo anondidya, kunyangwe naiye achararamawo neni.

Ichi ndicho chingwa chiya chinoburuka kubva kudenga: hazvina kuita semadzibaba enyu akadya mana, uye akafa: asi uyo anodya...chingwa ichi achararama nekusingaperi.

Akareva zvinhu izvi musinagoge, achidzidzisa paKapernaume.

⁴⁶ Dai Ishe varopafadza Shoko raVo. Ndinoda, kwemaminitshi mashoma, kutaura pamusoro pe: *Chirairo*. Shoko rekuti *chirairo* rinorevei? *Kukurukura* zvinoreva “kutaura.” Kuva ne, ku...*Hurukuro* chaizvoizvo zvinoreva “kuva nekuyanana,

kukurukurirana.” Kana ukataura parunhare nemunhu, mova nehurukuro ipapo, muri kukurukurirana. Uye kana tikauya parutivi tomira shure kuri kumashure kwechivakwa, chero munhu hake nemufundisi, kana vamwewo vanhu vaviri, vari kukurukurirana.

⁴⁷ Zvino, haukurukure neredhiyo, nekuti haugone kuidaira, kana terevhizheni. Asi kana . . . Unogona kudaro nerunhare, nekuti muri kukurukurirana, hazvingori zvinobva kudivi rimwe. Zvaka . . . Handikwanisi kukurukura nemi iye zvino, nekuti imi hamupindure. Saka, naizvozvo, kunenge kuchisiri kuuya kuzonzwa mushumiri achipa mharidzo yake. Hakungave, kuuya pamwe chete, kuzokurukura. Hurukuro haingavi izvozvo . . . Kana ukauya kuzongokurukura nemushumiri, unomudaidza parutivi, kana mumwewo dungamunhu, zvino wokurukura nemurume kana mudzimai iyeye.

⁴⁸ Asi kune chatinouya ichi machiri, chirairo, ndechemumwe nemumwe wedu sedungamunhu kuti akurukure naKristu. Ndiko kukurukurirana. Zvadaro, kukurukura hakusi kwekuti munhu *mumwe* chete ndiye ari kungotaura, tiri isu toga tiri kutaura, asi kumirira nekuona zvaAnotaura achipindura kwatiri.

⁴⁹ Zvino, ipapo ndipo, nguva zhinji, patinoita mhosho dzedu huru, pokuti, ndisu toga tinongotaura bedzi uye hatimire kuMupa mukana wekupindura. Tinoenda dzimwe nguva, tonoti, “Ishe, ndinoda kuti Muite *zvakati-nezvakati* uyewo *zvakati-nezvakati*, ameni,” tobva tatosimuka tichienda. Zvino, uku chaizvo hakusi kukurukurirana. Uku kungoenda kunokumbira fevha. Asi ukagara kwenguva yakareba zvakakwana kusvikira Apindura, ndipo paunowana hurukuro, kukurukurirana naShe. Zvino, uye nzira huru yekukurukura, ndeyekubvumirana, munofanira kubvumirana pane zvimwe zvinhu. Zvino, uye zvinoshamisa kuti dzimwe nguva patinowana zvinhu izvozvo . . .

⁵⁰ Kudya kunobatanidzwa nako. Zvino, mukatora vanhu vemabhizimisi, kana vachida kuita bhizimisi, vanokoka mumwe munhu kunodya. Uye mushure mekunge vagara pasi uye vadya, ipapo vonozotaurirana. Mutengesi akanaka, kazhinji haakwanise kutaura nemunhu ane nzara. Zviri nani kumirira kusvikira ave kunzwa zvakanaka, uye zvadaro mushure mekunge apedza kudya kwake kwemangwanani. Usaende ipapo womuburitsa pamubhedha wotanga kumuudza nezvechimwe chinhu chaunacho kuti umutengesere, asi mira kusvikira apedza kudya kwake kwemangwanani uye—uye achizenge zvino ari pamamiriro akanaka.

⁵¹ Rimwe zuva, ndichiparidza pamusoro pemukadzi akashambidza tsoka dzaJesu, kumusoro uko kuCanada ndaitaura izvi, ndichiti pakauya muyenzi kuzoshanyira mumwe munhu, munhu uyu ane mamwe matanho aaifanira kupfuura nemaari vasati vanyatsonzwa kukodzera kuti vaue kuzoshanya,

kana kuti, kuzokurukura. Kushanya kuva nehurukuro. Zvino, vaiuya kune...Wakokwa, kutanga waifanira kunge wakakokwa. Waibva wasvika pamusuwo zvino mugezi wetsoka aizogeza tsoka, nekuda kwekufamba, waibatira kunhuwa kwe—kwemhuka nezvimwe zvakadaro munzira. Ivo vese...vanhu vaifamba nenzira imwe chete pamwe chete nemhuka, uye—uye zvadaro paiva nemunhuwi pamwe neguruva, uye nguo yeChiparastina yairinhonga rogara padikita remumakumbo, uye nekuchiso chakanga chisina kufukidzwa, uye—uye nepamaoko. Uye—uye vaivabata pamusuwo, anogeza tsoka ndiye aidaro, obva ageza tsoka dzavo. Zvino mumwe murume aimira ipapo aine tauro ne—nebhodhoro rezvinonhuwira, uye vaisasa zvinonhuwira izvi pamaoko, zvino vaizvizora sezvizi, ne—nekuzvizora kumeso kwavo, zvadaro vozotora tauro vozvipukuta pachavo. Izvozvo zvaibvisa tsvina yese nekunhuwa. Uye zvaiva nechimwe chinhu mazviri chinopa kufefeterwa, sekunge minti, uye yaivaita kuti vanzwe zviri nani.

⁵² Zvino pavaipinda, kwete wakapfeka shangu dzako dzakare dzakasviba, ipo pamakapeti akanaka aya, vaipfeka tumwe tudiki, twakaita setumapatapata twemumba, uye vobva vapinda mukati. Uye ipapo mu—muenzi aipinda mukati uye—uye nyakukoka aiva—aivasvepura mukuvachingamidza. Zvino, munoono, hawaizoda kuti nyakukoka akusvepure iwe uchinhuwa zvakashata. Iwe hawaizoda kufamba pamakapeti iwe uine tsvina. Zvino ipapo nyakukoka aikusvepura achikuchigamidza, uye ipapo unenge watongovawo mumwe wemumusha.

⁵³ Uye, zvino, Mwari vane zvinhu zvakadaro. Tisati tanyatsogadzirira chirairo chaMwari, tinofanira kutanga tasukwa nemvura dzeShoko. Kupatsanurwa, mvura dzekupatsanura dzinotipatsanura kubva kuzvivi zvedu. Zvino, chekutanga, haugone kutaura kuna Mwari uye haugone kukurukurirana naMwari, uye pane...Kutanga, unofanira kutendeuka pane zvawakaita, nekuti haugone kutenda zvakana kusvikira watendeuka, “Ishe, regereraiwo kusatenda kwangu.” Maona? “Ndiregerereiwo kusatenda kwangu.” Unofanira kutendeuka, kutanga. Uye, kana watendeuka, zvino wava...zvivi zvako zvekumashure zvaregererwa, ipapo unenge wava kugona kuchibhabhatidzwa zvino. Zvino, zvadaro Akavimbisa Mwera Mutsvene, mushure mekubhabhatidzwa.

⁵⁴ Zvino, nyaya yacho ndeyi, kuti, pahurukuro iyi, tinoona kuti paiva ne—nekugezwa kwetsoka nezvinhu zvine chekuita naizvozvo, zvakare, kushambidza tsoka dzedu, semucherechedzo wekuchena kweMwera Mutsvene.

⁵⁵ Zvino, ipapoka, panofanira kuva nemanzwiwo mamwe chete. Kana usiri pakuwirirana neakukoka wako—wako, ipapo imi—imi hamugone kutaurirana. Kwete, iwe—iwe haugone kuzviita, nekuti hausi kuwirirana naye. Asi kana muchibvumirana, ipapo

munogona kukurukura. Saka ndizvo zvazviri kana tichiuuya patafura yaShe, tinofanira kunge tiri mukuwirirana neShoko raVo. Maona? Tinofanira kuzvarwa patsva, Mweya waMwari uri matiri uchiti “ameni” kuShoko rose raVakanyora, zvino tinokwanisa kukurukura naVo.

⁵⁶ Izvi tinazvo kubva kuna Mwari, kana moyo yedu isingatipomere, ipapo tinowana kufarirwa naMwari. Tinoziva kuti tinowana zvikumbiro zvedu nechitsvako chedu, nemhaka yekuti moyo yedu haitipi mhosva. Zvino, kana Mwari vakatiudza kuti tinofanira kuberekwa patsva, uye tisina kugamuchira kuberekwa patsva, zvino tinonzwa kuremerwa zvishoma pamusoro pokuenda, kunoVakumbira chero chinhu hacho, munoono, nekuti tinoziva kuti hatisati taita zvaVanoda. Chinhu chimwe choga ipapo ungori munamato wemutadzi. Asi tinotaura naVo kana tiri mukuyanana naVo, zvinounza hurukuro.

⁵⁷ Zvino, nzira iyi yechirairo, ndinoda kutsanangura kwechingvana. Zvino, tinotora, chatinodaidza kuti *chirairo*, chinova chingwa newaini. Zvino, izvozvo zvakanyatsoratidzwa nenzira isiri iyo zvekuti hazvina kana kunaka kutaura nezvazvo. Oo, kuti izvi zvakaraidzwa nenzira isiri iyo zvichidzika nemumakore aya! Izvozvo chaizvoizvo hazvisi chirairo, uku kungori bedzi kuchengeta murairo. Maona? Zvino, chikonzero tichichidaidza kuti chirairo, ndechokuti zvakabva musangano reKatorike zvekuva “Chirairo Chinoyera, chinova mutumbi waShe Jesu chaiwo.” Asi hausi mutumbi waShe Jesu! Zvingori mukurangira mutumbi waKe bedzi.

⁵⁸ Handina basa kuti vaprisita vangani kana vaparidzi, kana angave ani zvake anozviropafadza, zvichingori chingwa newaini. Hakuna muprisita sezvo isu...vanotiudza, kuti, “Mwari vanosungirwa kuteerera muprista kana ashandura chirairo,” chavanoti chirairo, “kaChingwa aka, kuva mutumbi chaiwo waShe Jesu. Zvino mutendi anobva atora ichocho, zvino ndicho chirairo.” Izvozvo handizvo!

⁵⁹ *Kukurukura* ndiko “kutaura na ngana, kukurukurirana nanhingi, chimwe chinhu chaunogona kutaura nacho uye chichizotaurawo kwauri.” Ndiko kukurukura. Kahwendefa kechingwa hakagone kudavira. Saka, chaizvoizvo, chirairo chechokwadi Mweya Mutsvene ari kutaura achipindura. PaunoMubvunza, anobva Ataura achikupindura, ndiko kukurukurirana chaicho. *Iyi* rangaridzo, kutora... yekurovererwa kwaKe pamuchinjikwa nekumuka kwaKe kuvakafa, kwete chirairo. Tinochidaidza kudaro, asi handizvo. Zvakabva kuchechi yeKatorike, zvekutora kahwendefa aka sezvatakambotauara rimwe zuva muhurongwa, uye nokutaura nezvazvo mu *Kunamata Zvimupunzo Kuchipesana NeChikristu*.

⁶⁰ “Kuti kahwendefa aka kedenderedzwa ndiwo muviri chaiwo waKristu.” Zvino, chechi yeKatorike inotozvitenda izvozvo.

Makambocherechedza here, pakupfuura nepachechi, vanoita chipiyaniso, vopendekera ngowani dzavo, nezvakaadaro? Haizi chechi, kahwendefa kechingwa kaya kari mukati imomo, “mutumbi uya uyo muprista akashandura kubva pakahwendefa kuva mutumbi chaiwo waKristu,” umo mekuti makonzo nembeva zvinogona kuchitakura. Handiti, haudaro, haugone kufunga nemafungiro emunhu zvino wofunga kuti chimedu chechingwa chinozova mutumbi waIshe Jesu! Hazvigone kudaro.

⁶¹ *Kukurukura* ndiko “kutura, uye chopindura, chimwe chinhu chaunotaura nacho.” Shoko chairi rekuti *kukurukura* rinoreva “kutura kuna,” kana kuti, “kubatanidzwa nechimwe chinhu chiri kutaura chichipindurana newe.” Uye Mwari vanokupindura, chirairo. Uye zvingori chingwa newaini, izvo zvatinoti *chirairo*.

⁶² Zvino, Jesu akati pano, sezvandaverenga, “Mutumbi wangu chikafu nechinwiwa, Ropa raNgu, mutumbi neRopa chikafu nechinwiwa.”

⁶³ Zvino, tinoda kufunga nezvaJesu nokuMubatanidza, izvo zvaAiva. Mutumbi waKe chii? Chii chinonzi mutumbi waKristu? Mutumbi wevatendi unobatanidzwa naYe muMweya Mutsvene. Kwete chimupunzo, kwete chimedu chechingwa, asi Mweya uri mumoyo wemutendi, uye vanobatanidzwa pamwe chete, pari apo munhu naMwari vanogona kutaurirana, vanakomana nevanasikana vaMwari. Munhu anofa, kuburikidza nekudeurwa kweRopa kwakaunza kuregererwa kwechivi, uye murume uyu nemukadzi uyu, mukomana kana musikana, ane kuyanana naKristu, ari kukurukurirana naYe, mutumbi.

⁶⁴ Semurume nemukadzi vanogara pasi votaurirana, kana mukomana nemusikana wake, Kristu neChechi yaKe vari kutaurirana pamwe chete. Ndicho chikonzero tichigona kunzwa kubva kwaAri, uye nekuona ramangwana risati rasvika pano, uye tinogona kuziva ramangwana kuti rakanaka, nekuti tinotaurirana naMwari Vakabata Ziyendanakuenda muruoko rwaVo. Kutaurirana mumwe kune mumwe, Mutumbi waKristu, Mutumbi wakavanzika, wepamweya waKristu. Hauna kubatanidzwa nechero chimupunzo cherudzi rwupi zvarwo, kana chimwe chingwa kana imwe—imwe waini, asi uri muchimiro che—chemweya.

⁶⁵ Zvino, Jesu akatura zvimwe chetezvo. Torai Mutsvene Johane, chitsauko 4, achitaura nemudzimai patsime, aitura pamusoro pechinhu chakaita sekuti, “Madzibaba edu vakanwa patsime iri, uye vakachera tsime iri, Jakobho, uye—uye akapa kuvana vake nemombe dzake mvura iyoyi, uye iMi munoti, ‘Namatai muguta *rekuti-nekuti*,’ uye vamwe vanoti, ‘Mugomo iri.’”

⁶⁶ Jesu se—sekutaurwa kwazvakaitwa akati, “Imbomira zvishoma! Isu tiri maJudha, uye tinonzwisisa kuti chii, kuti kunamata zvinorevei. Asi teerera kune izvi, mudzimai. Nguva iri kuuya, uye yatovapo, yekuti vanamati vechokwadi vachanamata Mwari muMweya nemuZvokwadi. ‘Shoko reNyu iChokwadi.’ Uye Baba vanotsvaka vakadaro vachaVanamata muMweya nemuShoko, Chokwadi. ‘Shoko reNyu iChokwadi.’” Zvino, Akataura izvozvo kumudzimai.

⁶⁷ Munooona, Kristu...Mwari Mweya. *Kristu* zvinoreva “muzodziwa, munhu akazodzwa naMwari,” zviri izvo zvakaMuita Kristu wacho. Zvino, Kristu akati, “Ndiri Chikafu neChinwiwa.” Kwete kahwenda kechingwa, kwete kahwenda katinotora pano. Uyo haasi Kristu. Waini yatinonwa paartari, haasi Kristu. Inomiririra iYe, nenzira yekufananidzira. Asi Kristu Mweya Mutsvene, chizoro chiri paChechi, ndicho Chikafu neChinwiwa.

⁶⁸ Kuchema kukurusa kurimo munyika, ndinovimba kuti hapana mumwe wenyu akambokunzwa, asi, kana wakambokunzwa, hapana kuchema kungaenzana nekuchema kwenzara. Ukaona amai vaine mwana wavo, uye vasingakwanise kufamba vachisina kana simba, uye mwana mucheche ave kufa, nedumbu rake rakazvimba nenzara, uchinzwa kuchema kuchibva mumoyo waamai ivavo, uchiona mwana uyu matama ake awira mukati kusvika angove ganda nemapfupa, uye tumatadza twake twave kupenya, uye asisakwanise kuita ruzha, zvachose, maziso ake madiki abuda kunze. Hakuna kuchema sekwenzara nenyota.

⁶⁹ Kunze uko mumagwenga, vangani vanhu vakarasikirwa nehupenyu hwavo nokuda kwenyota! Nyaya zhinji, dzokuti ndinogona kukuchengetai kwehusiku hwese, dziri nyaya dzechokwadi dzemugwenga. Zvekuti kana wava...ukava nenyota, kuti dhiyabhore anokupa sei hwe—hwerazuva. Makambozviona kuno, haufanirwe kuenda Kumadokero kunozviona. Dzika zasi nemugwagwa, uye zvinoita sekunge kune mvura zasi mumugwagwa. Mese zvenyu makambozviona izvozvo, imi vakambotyaira nekumbova mumugwagwa mukuru. Iyi ihwerazuva yenhema. Kuno imwe nguva yapfuura, anenge makore matatu kana mana apfuura, ndakaverenga paiva nemamwe madhadha, aibhururuka achidarika nemunyika, akaona hwerazuva ndokuwira munzira, achifunga kuti akanga vachiwira mumvura. Zvino akangoparara, akarovera mumugwagwa wakaomarara, achifunga kuti akanga achimhara mumvura, iri hwerazuva.

⁷⁰ Kangani dhiyabhore kaakaita chinhu chimwe chete ichocho kuvanhu, kuvapa hwerazuva yenhema, ipo, pasina chinhu chiripo, asi kungotenda kwekabanga. Vanhu vazhinji nhasi vanowana chitendero chekabanga, vachiedza kugadzira chimwe chinhu kana kunyepedzera kuti pane chimwe chinhu asi

zvisina kudaro! Sekutaura kwaita mudzimai wechimishinari mudiki kuti akamirira kusvika ava nechokwadi. Zviri nani tiite saizvozvo. Haugone kuzodzoka uchizoedza zvakare. Unongove nemukana mumwe chete, uye une Purani yacho, saka zviri nani tidzike kwazvakananga chaiko.

⁷¹ Kuchema kwenzara, teererai, kuchema kukuru nekuti kuchema kwekushungurudzika. Munhu wacho ari kufa. Uye, oo, kana bedzi tikakwanisa kusvika panzvimbo iyoyo, kana bedzi nyika ino ikagona kusvika panzvimbo painogona kuva nenzara kwazvo yaMwari! Iri munzara yakaipisisa kupfuura nyika dzakaita seIndia dziri kufa nenzara yepanyama, nyika ino iri kuziya nenzara pamweya. Asi mushure mekunge waziya nenzara kwenguva yakareba, unosvika pekuti hauchaziva kuti une nzara zvachose.

⁷² Zvakangofanana nekuoma nechando. Mushure mekunge wasvika pane chimwe chiyero, pakuoma nechando, unotonhorwa zvakanyanya, zvino mushure mechinguva unodzivirirwa. Zvino kana wadaro, wava kufa! Uye ndiro dambudziko manheru ano. Machechi ave kutonhora zvakanyanya kusvika pakuoma nechando, uye ofunga kuti ari kudzivirirwa, nekuva nhengo, asi vachifa pamweya. Kufa! Vasingazvize. Pekupedzisira, anovata pasi kuti akotsire, uye ndiwo magumu acho. Haazombomuka zvakare, nekuti ropa rake rinenge ragwamba mutsinga dzake.

⁷³ Zvino, kuva nenyota. Jesu akati, “Ropa raNgu chinwiwa zvirokwazvo.” Kana uine nzara yehupenyu, uine nzara yehupenyu, Jesu ane mvura yoga inogona kupedza nyota iyoyo. “Huyai kwaNdiri, imi mose mashanda uye makaremerwa.” Uko muna Zvakazarurwa, yakati, “Regai uyo ane nyota auye kuzvitubu zvemvura yeHupenyu uye anwe hake pachena.” Kana uine nyota yeHupenyu!

⁷⁴ Isu tinoona kuti vanzveri venyeredzi vari kufanotaura, pane imwe nguva mune chino chikamu chekumavambo kana chikamu chekutanga chemwedzi, kutanga pazuva rechipiri kana rechishanu, kana pane imwe nguva mumwedzi uno, vanzveri venyeredzi vekuIndia vari kufanotaura kuti nyika ichaputika kuita zvidimbu. Uye mapepanhau emuAmerica ari kuita dambe nazvo. Handitende kuti nyika ichaputika kuita zvidimbu, asi ndinoti hazvina kunaka kuita dambe nazvo. Nekuti, chimwe chinhu chiri kugadzirira kuitika rimwe remazuva ano, chimwe chinhu chakafanana neichocho, apo nyeredzi shanu, Mars, Jupiter neVenus, ne—nedzimwe dzakadaro, padzinopinda madzo—madzo... Hadzina kumbobvira dzakazviita. Oo, vanoti pamwe makore zviuru makumi maviri nezvishanu zvakapfuura, asi ndiani akanga aripo kumashure ikoko kuti azvize?

⁷⁵ Ndinofanotaura kuti izvi zvine zvazvinoreva pamweya. Ndinotenda kuti uku kuuya kwenyaya yaMwari, yekuti

zvizaruro zvikuru zveShoko zvichazarurwa munguva ino. Rangarirai, vanotaura kuti inyeredzi nhatu dzakapinda mumutsara pakazvarwa Jesu. Uye idzi ishanu, zvakare shanu inyasha, nhamba yenyasha. Tatu inhamba yekukwaniswa. Shanu inhamba yenyasha, J-e-s-u, n-y-a-s-h-a, k-u-t-e-n-d-a, nezvimwe zvakadaro. Nhamba yenyasha! Mwari pavanozotumira simba raVo kuchechi, dzinenge dziri nyasha dzaVo, kunenge kusiri kuteerera kwevanhu. Zvino Isaya akati, muchitsauko 40, maitiro eku “danidzirai kuJerusarema, kuti kurwa hondo kwake kwapera,” asi zvakangodaro aive nemhosva yekunamata zvimupunzo, asi dzaive nyasha dzaMwari dzakazvitumira. Mwari kana vakatumira chero chinhu kwatiri, dzinenge dziri nyasha dzaVo kwete kukodzera kwedu. Saka, zvinogona kureva chimwe chinhu. Ndinofanotaura kuti pachave neshanduko. Handizive kuti ichava chii, asi ndinotenda kuti yava kuda kuitika. Tave pane . . . pedyosa chaipo pekuti iitike.

⁷⁶ Uye chero ani zvake aine nzara, ngaauye kuna Kristu. Kana ani zvake aine nyota, ngaauye kuna Kristu. Anopedza nyota. Ndiye Mugutsi wenyota yedu yese nenzara.

⁷⁷ Ndine nyaya yandakamboudzwa imwe nguva yapfuura. Ndinogona kunge ndakamboitaura muchechi muno. Kana ndakamboitaura, mundiregererewo nekuidzokorora kuti ndingorova panhongonya. Paiva nemutungamiriri wechiIndia, kana kuti, mumwe akaita semutariri mukuru wemaIndia. Akanga achifamba munyika yeNavajo, uye akanga, arasika. Zita rake ainzi Coy. Zvino aidzika nekanzira, kanzira kemhuka, zvino ndokufunga kuti, “Zvino, kana ndikangofamba nekanzira aka, chokwadi ndichawana pane mvura.” Zvino bhiza rake rakanga rava nyota kwazvo kusvika pekuti rurimi rwaro rwakanga rwarembera kunze, rwaoma, mhino dzatsvuka uye dzazara nejecha rakanamirira. Akanga akabata hengechepfu yake kumeso kwake mumadutu ejecha kusvikira kwanamirira majecha kwese, uye akanga ava kuparara, nekushaya mvura. Zvino akanga achitungamirira bhiza rake paakaona kanzira aka. Zvino ndokuti, paakakwira pabhiza akaona kanzira kemhuka aka, akati, “Chokwadi kachandiendesha kune mvura.” Saka akasvetukira pabhiza rake ndokutanga kudzika nekanzira kemhuka aka.

⁷⁸ Uye bhiza rakazivawo kuti rakanga riri munzira yekune mvura. Mapiro anoita Mwari kufemera kumhuka dzisingataure! Zvino hero ndokudzika nekanzira aka. Pakupedzisira, shoma dzakatsaukira nekune rimwe divi, shomanani bedzi dzichibva munzira yakatambarara. Bhiza ndokuda kutendeukira ikoko kwacho, asi Coy akafungawo zvakasiyana. Akaedza kurichengeta munzira huru inonyatsooneka, akada kutanga kudzika nenzira asi bhiza rakaramba kuenda. Akaribaya nesimbi dzepashangu, rikabva rarira rikabva ratanga kufamba

neimwe nzira. Uye rakatanga kumira rakasimudza makumbo emberu. Rakanga risisina simba rekumukandira pasi.

⁷⁹ Saka akatanga kuribaya-baya zvakare nesimbi dzepashangu, kusvika acheka-chedeka bhiza iri, neshungu dzekuti asvike pane mvura, hupenyu hwake hwaizoponeswa, kusvikira bhiza rakamira, richibvunda, richibuda ropa. Zvino akatarisa pasi, akatarisa zasi uko, zvino bhiza rakanga richibvunda saizvozvo zvokutopotsa radonha pasi pake. Akaringa pasi akaritarisa, ndokuona ropa parutivi paro. Iye akanga ari Mukristu. Zvino akati kubhiza rake, akati, “Ndakagara ndichinzwa kuti dzesango...kana kuti, mhuka dzine kufemerwa. Hazviratidzike sekuti boka diki iri rakaenda nenzira iyi rakange richienda kumvura. Zvinoita sekunge nzira huru iyi pano yaizotungamira kwadzinoenda nguva dzose kumvura, asi,” akati, “kana wakanditakura zvakatendeka kusvika pari zvino, ndichatevera kufemerwa kwako.”

⁸⁰ Oo, ndinofunga sei izvozvo pamusoro paKristu! Nzira inoenda mukuparadzwa yakajekeswa nekupenya nzira yose, asi kune nzira nhete inotungamira kuHupenyu. Vashoma varipo vachaIwana. Bedzi, kwete kufemerwa, asi Mweya Mutsvene uchakutendeutsira kudivi rine mvura yeHupenyu. Ndinofunga, Wandiuza ndakachengeteka kusvika pari zvino, ndichaUtoro nzira yangu yese yasara.

⁸¹ Kuchipedzisa nyaya iyi, a—akanga asati ambofamba kwehafu yemaira, zvokuti, kamwe-kamwe, bhiza riya rakatendeka rakasvetukira mugomba guru remvura. Bhiza raiziva zvaraitaura nezvazvo, zvaraireva nenzira yekuratidza kwaro kumu—mutasvi waro. Akapindamo. Aiti akamwaya mvura pamhino dzebhiza iri. Akazvigeza iye pachake, akadaniidzira nekuzhambatata, zvino akanga achidaidzira neizwi riri pamusoro-soro, ndokudira mvura ichidzika muhuro make, uye achidanidzira, “Taponeswa! Taponeswa! Taponeswa!” Uye bhiza, richinwa, uye richibvunda. Zvino akatarisa mativi aro aiva neropa, ipapo rose rakabuda kubva pamavanga esimbi yeshangu.

⁸² Ndokubva ati ipapo, akati...ndakanzwa mumwe munhu achiti, “Buda mumvura umo.” Uye akatarisa, ndokuona mufudzi wemombe mudiki akanga asina chimiro akamira ipapo. Zvino ndokubuda mumvura. Akati akanzwa munhuwi wemoto, ndokutarisa neche uko, ndokuona boka revarume vakanga vakadzika musasa ipapo. Vakambenge vari pabasa rekutsvaga pane zvicherwa. Vakanga vabata pane ndarama, zvino vari munzira yavo yekudzokera vaine mabhiza avo nemabhiza ekutakura mitoro pamwe navo, uye vakanga vasvika pagomba iri remvura uye vakanga vachizorora, zvakare vese vakanga vadhakwa.

83 Vakati vakanga vachibika nyama yemhuka, zvino akanodya navo. Uye akati, mumwe wavo akati, “Tora doru unwe.” Akavaudza kuti ainzi ani, ainzi Jack Coy, mu—mutungamiriri wechiIndia. Saka akati, “Zvakanaka, zvino, tora doru unwe.”

Akati, “Kwete,” akati, “handinwe doru.”

84 Zino izvi zvinoita sekutsvinya kuvanhu ivavo. Saka akati, “Iwe uchanwa doru redu!”

Akati, “Kwete, handinwe.”

85 Saka akasimudza jagi mudenga, ndokuti, “Tora unwe!” Vakadhakwa, vose zvavo, munoziva, vangangoita vatanhatu.

Saka akati, “Maita basa, vakomana.”

86 Ndokuti, “Kana nyama yedu yakanaka zvokuti uidye, hwiski yedu yakanakawo zvokuti uinwe.”

87 Zvino munoziva zvavari vanhu ava, vakadhakwa. Uye akati, “Kwete,” akadaro.

88 Vakaisa bara mupfuti, ndokuti, “Iko zvino uchanwa kana kuti!”

89 Akati, “Kwete. Kwete, handisi kuzonwa.” Zvino uya ndokubva atanga kumunanga nepfuti. Akati, “Chimbomirai zvishoma.” Akati, “Handisi kutya kufa.” Akati, “Ini—ini handisi kutya kufa.” Akati, “Asi ndi—ndinoda kukuudzai nyaya yangu ndisati ndafa, chikonzero sei ndisinganwe.” Akati, “Ndinobva kuKentucky.” Akati, “Uye mune kamwe kamba kadiki kemapuranga mamwe mangwanani, maiva naamai vakanga vave kufa, vakandidaidza padivi pemubhedha wavo, ndokuti, ‘Jack, baba vako vakafa vaine njumba yemakasa muruoko rwavo, patafura, vakadhakwa.’ Uye vakati, ‘Usambofa wakanwa, Jack, chingava chii chaunoita.’” Zvino akati, “Pahuma paamai vangu ndakaisa maoko angu. Uye ndakavimbisa Mwari, sekamukomana kaduku kemakore gumi ekuberekwa, handisi kuzotanga kunwa.” Akati, “Handisati ndamboritora.” Uye akati, “Zvino kana uchida kupfura, chingopfura hako.”

90 Zvino chidhakwa pachakasimudza pfuti ndokusimudza jagi mudenga zvakare, ndokuti, “Ritore kana kuti ndokupfura!” Zvino pakarepo pakarira pfuti jagi richibva rapaduka.

91 Padivi pemupata pakanga pakamira mufudzi wemombe mudiki wekare, aive asina chimiro, aine misodzi ichiyerera nepamatama ake. Akati, “Jack, iniwo ndinobva kuKentucky. Ndakapa vimbiso kuna amai rimwe zuva, asi ndakatyora vimbiso yangu.” Akati, “Ndanga ndakamirira kusvika varume ava vanyatsodhakwa zvakakwana, uye ndanga ndichida kuuraya boka ravo vese, zvakangodaro, ndотора ndarama yese yavainayo.” Akati, “Asi ndange ndiri chidhakwa zvakare ndakaita zvakaipa. Asi,” akati, “Ndine chokwadi chekuti pfuti yangu payaita maungira kumusoro mumipata yeKudenga, amai vandinzwa ndichinyora pasi chitsidzo kuti handichazviita futi.”

Zvino ipapo, nyenasha dzaMwari, akatungamirira vanhu vose ava kuna Kristu, vose ivavo kunze ikoko.

⁹² Munoono, pane chimwe chinhu pamusoro pemvura, chimwe chinhu chinovandudza. Pfungwa yangu yanga iri yekuti, yekuenda kumvura kana uine nyota. Pane zvazvinoita kwauri, kuenda kumvura kana uine nyota.

⁹³ Zvino, Akati, “Ndinokusiirai rugare rwaNgu. Rugare rwangu Ndinokupai.” Kwete sokupa kunoita nyika rugare, asi nzira yaAnokupa nayo rugare. Rugare rwake rwunopedza nyota yedu. Kana tichishuvira rugare, zvino ngativandudzwei murugare rwaKe, kuziva kuti tine rugare naMwari kuburikidza naIshe wedu Jesu Kristu. Iye ndiye Mupi-werugare rvedu rwunopedza nyota yedu.

⁹⁴ Ndimamvura inoti, “Ndiye Chikafu zvirokwazvo uye neChinwiwa zvirokwazvo.” Ndine chinorwa chidiki pano, ndima 57, “Chikafu zvirokwazvo uye neChinwiwa zvirokwazvo.” Teererai zvaAkataura pano.

Zvino Baba vapenyu sezvavakandituma, neni ndinorarama naBaba vaNgu: saizvozvo anonidya, kunyangwe naiye achararamawo neni.

⁹⁵ Nemamwe mashoko, “Baba VakaNdituma, uye Ndinorarama kubudikidza naVo. Uye munhu wese anouya kuna Kristu anofanira kurarama naKristu.” Oo, ini zvangu, hezvoka izvo, ndicho chirairo. Ndicho chirairo chaicho chaunowana kana uchirarama kubudikidza naKristu.

⁹⁶ Zvino, mitumbi yedu inoda zvokudya nezvokunwa zuva nezuva, kuti tirarambe, mutumbi wedu wenyama. Kana isu tikasatora chikafu zuva rega-rega pamwe nekunwa, ipapo muviri wedu unopera simba. Pane chimwe chinhu chiri matiri chekuti tinofanira kuva nechikafu. Chikafu chezuva rimwe hachigari kusvika zuva rinotevera. Unofanira kuwana chikafu zuva rega-rega, kusimbisa munhu wako anofa. Unogona kurarama kusvika zuva rinotevera, asi unenge wopera simba. Uye zuva rechipiri, unowedzera kupera simba. Uye pazuva rechitatu, unenge wave kupera simba zvakatonyanya.

⁹⁷ Zvino, ndizvo zvatinoita kakawanda muzvinhanho zvemweya. Munoono, zuva rega-rega tinofanira kukurukura naKristu. Tinofanira kutaura naYe zuva rega-rega. Tinofanira kupedzerana naYe zuva rega-rega. Pauo akati, “Ndinofa zuva nezuva.” Maona? “Zuva nezuva, ndinofa; asi ndinorarama, kwete ini asi Kristu anorarama mandiri.” Saka, kana mutumbi wako wenyama uchida chikafu zuva rega-rega nekunwa zuva rega-rega, kuti urarambe, muviri wako wemweya unodawo Chikafu chemweya uye nehurukuro naShe zuva rega-rega, kuti urarambe. Hongu. Jesu akati, “Munhu haangararambe nechingwa chete, asi neShoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari.” Saka, zuva rega-rega tinofanira kuverenga Bhaibheri. Vamwe

vanhu havatomboRiverenge zvachose. Vamwe vanoRibata kaviri kana katatu pagore. Asi, wechokwadi, mutendi wechokwadi akanyatsovakwa pamweya, anoverenga Bhaibheri rake mazuva ose, uye anotaura naShe. Ndizvozvo. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Anofanira kudaro. “Munhu haangarame nechingwa chete, asi neShoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo maMwari.”

⁹⁸ Zvino, chimwezve chinhu chatinodyira chikafu, kuvaka mutumbi wedu kuti udzivise zvirwere. Kana iwe ukasadya chikafu, uye worega muviri wako uchishaya simba, zvino unodheererwa nezvirwere. Zvirwere zvichapinda muropa rako chaimo, zvino apa waenda. Kana ropa rako risina hutano uye risina kuchena, manje, ipapo rino, chirwere chichapinda chaimo mutsinga dzeropa rako. Saka unofanirwa kudya chikafu chakanaka chinovaka muviri kuti uchengete ropa rako richifamba zvakanaka. Kana ukasadaro, iwe uri panjodzi yekubata zvirwere. Ndiro dambudziko neMakristu mazhinji.

⁹⁹ Sezvakaita zvirimwa zvemugirinihausi. Munoziva, ukabvisa chirimwa kubva mugirinihausi, unofanirwa kuchirera semucheche. Hachizive mamiriro ekunze. Hachizive kupenya kwezuya nezvimwe, change chakafukidzwa uye chichirerwa semucheche. Zvino ndiro dambudziko nevashinji vanongonziwo Makristu, zvirimwa zvemugirinihausi. Ndizvozvo chaizvo, chinodheererwa nezvimbuyu zvese zvinosvika pachiri! Munoziva, ndeidzo bedzi mbe—mbe...Ndeidzo bedzi mbe—mbesa dzakapfava dzinofanira kupfapfaidzwa, kana kuti, mbesa dzemasanganiswa.

¹⁰⁰ Munoziva, ukatora mhou yakare yeherford woiburitsa kunze uko kumafuro, uye woburitsawo iya yenyanga refu kunze ikoko, iyo yenyanga refu inogona kuziva nzira yayo nekuti ndeyerudzi rwepakutanga. Asi ukatora Brangus kana Hereford iyo yemarudzi akavhanganiswa uye neyemasanganiswa, imombe iri nani pakutaridzika, chokwadi, yakadarika pakukora uye nepahutano, asi ukadziburitsa kunze uko, hadzigone kuziva nzira yadzo. Dzinofa! Dzinofanira kurerwa semucheche. Maona?

¹⁰¹ Uye ndiro dambudziko nhasi, tine Makristu anopfeka zviri nani, machechi akawedzera kukura, uye nekudzidza kwa—kwakawanda, dzidziso yebhaibheri yakawanda, asi vanofanira kugara vachirerwa sevacheche nguva dzose, unofanira kutarisa nemugirazi ravo kana kuti hausu kuona zvachose. Chatinoda Makristu emhando yepakutanga, vakazvarwa pasi peRopa raIshe Jesu, vasingararamiswe nedzidziso yebhaibheri yechechi, asi kubva paShoko raMwari, hurukuro naKristu. Shoko richiuya mumutendi, mu—mutumbi wake wemweya unovakwa. Kwete mwana wemugirinihausi!

¹⁰² Pane mumwe mushumiri ati nhasi, ndamunzwa, azvitauro panhepfenyuro, ati, paakasvika munyika muno, akabatwa nedambudziko guru remumhino, uye vakanga vachitauro nezvokuti vagomuvhiya. Zvino vakati vachaita *ichi nechocho*, uye vomucheka nekumuvhiya, nokubvisa dzimwe nhengo dzemumhino, izvo zvaizowidzira chiso chake mukati, nezvimwe zvakadaro saizvozvo. Zvino akati akanga anwa guchu remapiritsi. Zvaiita sekuti aive nemapiritsi akawanda aaifanira kunwa. Asi paakauya kuna chiremba weChikristu akanaka, chiremba uyu akati, “Ngatikanganwei zvevapiritsi uye ngatikanganwei zvekuvhiya izvozvo, uye ngativake muviri kuitira kuti ugone kudzivirira chirwere chemumhino ichi.” Ndizvozvo!

¹⁰³ Chikonzero nei vanhu vasisarame kwenguva yakareba sezvavaimboita? Tinofanira kubaiwa jekiseni *reizvi* uye nejekiseni *reizvo*, uye nekuzvipfapfaidza isu nemhando dzese dzemishonga. Zvinoitei izvozvo? Zvinotiita kuti tipfave, tifute, tiite mazinyama-nyama, zvisina kunaka. Apo vanhu vekarekare... Handiti, isu tiri kudheerwa nehurwere hwese hawo. Iye zvino vari kuwana hutachiona hwakaipa nezvimwe zvese.

¹⁰⁴ Ndakamira muAfrica, handina kukwanisa kubaiwa jekiseni remarariya. Asi kaumhutu kemarariya kakangomhara paruoko rwangu, ndatova nemarariya. Haturire, uye iwe hautozvizive. Tunomhara, tunongokumhara, ndizvozvo, watobata marariya. Kana ukararama, iwe uchava nayo kwemakore gumi nemashanu. Uye dzimwe nguva unofa nayo. Asi kwaiva nevanhu vatema vava mutumba twehuswa, neumhutu pose pamakumbo avo, ivo vakashama. Umhutu hwakanamira pavari, umhutu hwemarariya, uye hazvaimbovanetsa kana. Sei? Vakanga vava nekudzivirirwa mavari. Vaiva nejekiseni rokudzivirira ravakapiwa naMwari.

¹⁰⁵ Uye ndiro dambudziko nhasi nevanhu. Ndiro dambudziko nechechi. Tine majekiseni akawanda evacheche nedzidziso yebhaibheri yakagadzirwa nevanhu, kusvikira takapfapfaidzwa. Chatinoda kubayiwa jekiseni raMwari rokudzivirira kubudikidza neShoko raIshe Mwari. Munhu achararama zuva nezuva nemhando yeChikafu ichocho, kuti chivake mweya wake mukuva nedziviro kubva kuzvirwere zvepamweya izvo zviri kuyerera nekusvetuka-svetuka nemunyika mose. Ndine manotsi akawanda pane izvi, asi ndinofanira kuchimira.

¹⁰⁶ Zvino, waumbwa, wogadzirira kubaiwa dziviro. Zvino, tinorarama neizvi, mi—mitumbi yedu inofanira kuva nezvizvi. Uye, kana tikasadaro tinobatwa nemhando dzese dzezvirwere. Uye Shoko raMwari, patinoRitenda nekuRigamuchira nehurukuro, “Ishe, Shoko reNyu iChokwadi.”

107 “Chechi yangu inoti haufanirwe kuzvarwa patsva. Vanoti, ‘Kukwazisana maoko ndiko kuzvarwa patsva.’ Vanoti, ‘Kusaswa.’ Vanotaura zvimwe zvinhu zvose izvi, ‘Ndizvozvo, Baba, Mwanakomana neMweya Mutsvene.’” Asi Bhaibheri rakataura zvokubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Maona? Zvino, imi endererai mberi nemajekiseni aya ekugadzirwa nevanhu kana muchida, unongozviitawo Mukristu akagadzirwa nevanhu. Maona? Iwe haudi izvozvo.

108 Haugone kuva neHupenyu, kune bedzi kubudikidza naKristu. Uye zvino Shoko raKe rinoitei? Rinovaka mutumbi wedu wemweya, wakasimba, patinokurukura naYe, kuti tidzivise dhiyabhore.

109 Unoti, “Hama Branham, chii chamati, ‘hurukuro muShoko raKe?’”

110 Hongu, iYe ndiye Shoko. “Pakutanga kwakanga kuine Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Uye tinofanira kudya mutumbi waKe. Zvino mutumbi waKe iShoko raKe, nekuti iYe iShoko. Uye Akati, muna Johane 15, “Kana muchigara maNdiri, uye nekuraira kwaNgu, Shoko raNgu, richigara mamuri, ipapo unogona kukumbira zvaunoda uye uchazviitirwa.” Hezvoka izvo. Ichokwadi ichi. Onaka, kumbira zvaunoda!

111 Unoitei? Uri kuvaka muviri wako kuti uve nekudzivirira kubva kune . . . Mumwe anouya oti, “Oo, chechi yedu haitende mukudaizira.” Munoono, wakavakwa. Chii? Une rairo mauri, Shoko. Uye iwe wakadzivirirwa kubva pazviri. Kana chitsama chezvisina maturo chikapinda, chii? Kana chisina Shoko machiri, zvino unenge uine chokwadi chekuti chakaipa. Handina basa kuti chinotaridzika sei kuva chemazvirokwazvo, kana chisiri Shoko chisiye chakadaro. Ndizvozvo, chisiye chakadaro. Handina basa kuti chinoitei, chinofanira kuenderana neShoko!

112 Mumunamato, pandanga ndichitora mashoko aMikaya akamira ipapo, tarisai, zvairatidzika sekuva zviru izvo chaizvo, apo paiva neIsraeri, uye chikamu chenyika ichi chakanga chiri chavo. Vatorwa vava vakanga vapindamo vakaitora kubva kwavari uye vakanga vatovaka dzimba dzavo, uye muvengi akanga achigara muchikamu chenyika yavakanga vapiwa naMwari. Saka zvaiita sekunge mazana mana evaporofita vechiHebheru vava vaitaura chokwadi. Asi, munoziva, pakanga pane chimwe chinhu pamusoro paJehoshafati chaiva chemweya, akati, “Hamuna mumwezve here?”

113 Akati, “Ndine mumwe, asi,” akati, “ndinomuvenga. Chinhu chega chaanoita kuporofita zvakaipa.”

Akati, “Endai munomutora timunzwe.”

114 Zvino akakwira kumusoro, akati, “Endererai mberi, endererai mberi mukwidzeka, asi ndaona Israeri yakapararira semakwai asina mufudzi.” Ipapo akataura chiratidzo chake.

115 Zvino, ndechaani chechokwadi apa? Zvaitaridzika sekuti mazana mana aya akataura chokwadi. Varume mazana mana vakadzidziswa zvakanaka, vakati, “Kwirai muende, Ishe vanemi.” Uye kunyange Zedhekia akanga ane nya—nya—nya— aiva nenyi . . . Zedhekia akanga ane nyanga mbiri huru dzesimbi dzakagadzirwa. Akati, “Neidzi muchadzinga vatorwa kubva munyika.” Akanga ane chokwadi chekuti akanga ataura chaizvo. Aiziva kuti akanga ataura chaizvo. Asi, munooni, akanga achikanganisa.

116 Zvino pano, Mikaya, mumwe chete achipikisana nemazana mana, uye akati, “Kana mukakwirako, Israeri ichapararira, isina mufudzi.”

117 Vamwe vakati, “Kwirai, Ishe vanemi!” Zvino, pane zvinoonekwa, vakanga vachitaura chokwadi, nzvimbo yacho yakanga iri yeIsraeri. Asi Shoko raShe rakanga rapomera Ahabhu, saka Mwari vaizoropafadza sei zvaVakanga vapomera?

118 Hezvoka izvo nhasi. Maona? Shoko rerairo rakanga riri muna Mikaya. Zvino, kana uri kukurukurirana naMwari mukutora chirairo chaicho, asi mweya uri mauri usingabvumirane neShoko iri, hausi kukurukurirana naMwari, uri kukurukurirana nemadhimoni. Uye anoteedzera kwazvo! Bhaibheri rakati, “Mumazuva ekupedzisira achapotsa anyengera Vasangurwa chaivo dai zvaibvira. Asi matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harizopfuuri.” Uye kana mu . . . Pauro akati, VaGaratia 1:8, “Kana ngirozi inobva kudenga ikaparidza rimwewo evhangeri kunze kweiRi ramakanzwa kare, ngaive yakatukwa.” Kunyange ngirozi! Muchechi yekutanga, apo varume avo, vakaita saMutsvene Martin, Irenaeus, varume vaiva nehumburi, apo dhiyahore paaonekwa semutumwa wechiedza. Asi, imi tarisai, anenge akabva paShoko zvisoma.

119 Akazviratidza kuna Evha semutumwa wechiedza, akamuudza kuti, “Chokwadi, Ishe vakataura izvi, Ishe vakataura izvi,” asi pakupedzisira haana kubvumirana naMwari. Uye ndizvo zvinoita hurukuro yenhema nhasi. Kana vanhu vachifunga kuti vari kunamata kuna Mwari, uye vasingateerere Shoko, ihurukuro yenhema.

120 “Kana muchigara maNdiri, neShoko raNgu riri mamuri, zvino kumbirai chero chamunoda,” munooni, “uye chichaitwa.” Zvino, hazvigone kubaka pane imwe nguva, zvozungoti mbombombo pane inotevera. “Kana muchigara maNdiri, maShoko aNgu achigara mamuri,” ndiko kuti, kugara ipapo. *Kugara* zvinoreva ku “zorora uri ipapo, kuva uri ipapo.” Hongu, ndiko—ndiko kudzivirirwa kubva kuzvirwere zvechivi.

¹²¹ Zvino, regai ndivhare ndichitaura izwi rimwe chete iri zvino, tisati taenda kutafura yechirairo. Ropa neMutumbi waShe, zvakasanganiswa nekutenda, ndiro Ropa neMutumbi, ndiwo Mweya neShoko, zvakasanganiswa nekutenda, zvinotipa Hupenyu Husingaperi. “Uyo anodya Nyama yaNgu nekunwa Ropa raNgu ane Hupenyu Husingaperi, uye Ndichamumutsa nezuva rekupedzisira.” Hezvoka izvo. Chii ichocho? Chirairo chaShe. Shoko neMweya, Hupenyu uhu huri muRopa, Shoko neMweya zvinova izvo Hupenyu Husingaperi, kubudikidza nekutenda munaShe.

¹²² Heunoi munamato wangu, pandinoona magumo achiswera uye ndichiona, kuti chero nguvai, chimwe chinhu chinogona kuitika, uye nekuziva kuti hatisi kure neKuuya kwaShe:

Ishe, zvino nemuZita raIshe Jesu, Mwanakomana waMwari, regai nditore Shoko, Munondo, ndiUzunguze nekutenda kwandinako, uye ndigocheke nzira yangu nemusimba rose remadhimoni, kusvikira ndaona Jesu, kubudikidza nekutaura kweShoko raKe.

¹²³ Kurukura neShoko raKe. “Kana muchigara maNdiri, uye Shoko raNgu riri mamuri, zvino Ndikumbirei zvamunoda uye muchazviitirwa.” Zvakanaka sei izvi! Heyo hurukuro yechokwadi neShoko neMweya, uine kutenda kwekuZvizunguza pamwe chete, “Kumbirai chamunoda, uye muchachiitirwa.” Ngatinamatei.

¹²⁴ Mwari Baba Vatsvene vane Nyasha uye Vanokudzwa, NDIRI mukuru, El Shadhai, kuna Abrahamu. O Mwari, kuenzana kwakaita chirairo chikuru ichi chaShe neHupenyu Husingaperi, uye kuti Chinodzivirira sei kubva pakuzvikudza, Chinodzivirira sei kubva pakusatenda, Chinodzivirira sei kubva kuchivi chenyika! Ihurukuro, ine rudo rwaMwari kuna Baba vedu veKudenga. Uye kubudikidza nekukurama kwaJesu Kristu tine mukana wekusvika kutafura iyi. Uye tinonamata, Ishe, kuti Mupe mumwe nemumwe wedu mukana wekusvikapo manheru ano, muMweya. Tiregerereiwo. Uye tinoda kuti mitumbi yedu yemweya ikure. Hatina basa nekujoinha imwe chechi kana sangano. Tinoda kuvaka mutumbi wemweya, pakudzivirirwa kwechivi, kusvika panzvimbo yekuti hapasisina chishuwo chekuita zvakaipa, uye apo Mweya Mutsvene anokwanisa kutora Shoko raKe Omene nemiromo yedu, woRitaura ringori idzva semataurirwo aRakaitwa pazuva iroro, nekuti ndiWo Mweya mumwe chete wakanga uri munaIshe Jesu. Ndinonamata, Baba, kuti Mugotipa izvozvo.

¹²⁵ Nguva dziri kupera. Kutu ndirinhi, hatizive, apo pachaponeswa wekupedzisira. Asi ndinonamata manheru ano, Ishe, kana paine avo pano vasingaKuzivei seMuponesi wavo, dai vakaKuwanai manheru ano pavanouya kumvura

iyi yerubhabhatidzo, sechirangaridzo, chekupupura kuboka iri revatendi kuti vanotenda nyaya yokuti Jesu weNazareta akazvarwa nemhandara Maria, uye akauraiwa, akarovererwa pamuchinjikwa naPontio Pirato, uye akamutswa nezuva retatu naMwari, uye agere kuruoko rwerudyi rweHumambo hwaVo, manheru ano, achirarama nguva dzese achireverera.

¹²⁶ Itai, Ishe, kuti munhu mumwe chete iyeye, achiteerera mirairo yeBhaibheri, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe nemuZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu. Nekuti hakuna rimwe zita pasi peDenga rakapiwa pakati pevanhu ramunofanira kuponeswa naro.” O Mwari, dai vanhu vaona kuperera kwazvo, uye neShoko rakasimba, “Hakuna rimwe zita pasi peDenga rakapiwa pakati pevanhu ramunofanira kuponeswa naro, asi muZita raJesu Kristu.” Naizvozvo, muapostora akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nekuti vimbiso iyi ndeyekuzera roga-roga, kune vese vachazodanwa naIshe Mwari wedu.” Zviitei, Ishe, kuti pave nekudanwa kwevakawanda manheru ano.

¹²⁷ Uye zvinonziwo zvakare, naIshe wedu, “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva, uye vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri. Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu.” Mutorwa, uye kana mutorwa akataura, izwi risiri mumagwaro, nekukurumidza makwai anoricherechedza. O Mwari! Uye kana riri Izwi reNyu, Bhaibheri, zvaRinotaura, gwai rose rinoRinzwa, nokuti iRo ndiro Chikafu chemakwai. Vakambokurukurirana. Vanoziva kuti Baba vanopa Chikafu chemhandoyi. “Munhu haangarame nechingwa chete, asi neShoko rese rinobva mumuromo maMwari.” Zviitei, Ishe, kuti vazhinji vaone uye vanzwisise, uye vauye kwaMuri manheru ano.

¹²⁸ Avo vasina Mweya Mutsvene, dai vakasazvisiira kune imwe awa. Vanogona kunge vatotonoka mune imwe awa. Vanogona kunge vasisipo pano.

¹²⁹ Uye, Baba, sezvataungana tiri patafura zvino kuti titore uyu mufananidzo weMutumbi Wenyu wakamedurwa, tinonamata kuti kana paine chivi pakati pedu, Ishe, tiregerereiwo. Imi makati, “Pamunoungana pamwe chete, miriranai.” Mwari, kana paine chivi muungano ino, chero papi zvapo, ndinonamata kuti Ropa raJesu Kristu ripatsanure murume uyu kubva kuchivi chake, kana uyu mudzimai, mukomana kana musikana. Uye, Baba, ndinozvinamatira pachangu, kuti Munditsaure kubva pakupokana kwese, chivi chese, kusatenda kwese, chero chinhu chino...Tinoziva kuti kusatenda chivi. Ndicho chivi bedzi chiripo. “Uyo asingatendi akatopomerwa kare.” Uye chivi choga chiripo, ndiko kusatenda Shoko raMwari. Uye, Baba, kana paine kusatenda mandiri, ndiregerereiwo, O Mwari, zvokuti

pane kwakawanda, uye ndinonamata kuti Mundiregerere. Regereraiwo unganu yangu yaMandipa manheru ano, uye mugovapa kudya kweShoko. Zviiteiwo.

¹³⁰ Uye patiri kutora idzi yeuchidzo diki dzemutumbi wakamedurwa waiYe Akamutswa kubva kuvakafa uye ari mupenyu nekusingaperi pakati pedu, dai tagamuchira chirairo kubva kwaAri, Ishe, kuraira kweMweya Mutsvene. Zviiteiwo, Baba. Tinokumbira muZita raJesu. Amenii.

¹³¹ Zvino, kwamuri imi munofanira kuenda uye musingakwanise kugara kwenguva ingangoita maminiti gumi nemashanu eshumiro yechirairo. . . Hatisi vazhinji hedu, uye tichatora chirairo. Hachisi chirairo chevakadonongodzwa. Zvemazvirokwasvo ndechemutendi wese Mukristu. Mwari havana muganhu wakatarwa pakati peBaptisti neMethodisti, nevakadaro. Isu tose, neMweya mumwe chete, takabhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete, uye tiri vagarisani pamwe chete muHumambo hwaMwari. Uye kana paine mumwe munhu pakati pedu ari muenzi, ini handisi pano nguva zhinji, uye handizive kuti ndiani ari nhengo uye ndiani asiri. Rangarirai, zvisinei kuti uri wechechi ipi, hazvinei nechekuita nazvo. Pane Chechi imwe chete bedzi, zvisinei, uye haujoinhe maAri, unoberekerwa maAri. Ndizvozvo chaizvo. Uye unoberekerwa muChechi yaMwari iyi. Uye tinonamata kuti ugamuchire Kristu manheru ano, kurukura naYe apo tiri kurangarira muviri waKe wakamedurwa, uye nezvinhu zvidiki izvi zvatintora, zvepaseka, zvino dai Mwari vasasa neRopa moyo yedu nehana.

¹³² Zvino vachauza chirairo kuno, uye tichaverenga zvino kubva muna Vakorinde Vekutanga, chitsauko 12. Uye tichadya chirairo pakarepo mushure meizvi, uye tinovimba kuti Mwari vachakuropafadzai zvakanyanya. Zvino kana tangoverenga izvi, kana kuti tisati tazviverenga, kana uchifanirwa kuenda, zvakanaka, unogona hako kubuda zviri nyore. Uye wozova nesu zvakare Chitatu manheru, neSvondo mangwanani neSvondo manheru. Kana ukakwanisa kugara kuti utore chirairo pamwe nesu, tichafara zvikuru kuti uzviite. Zvino pakarepo mushure maizvozvo, pachava Ishe. . . pachava neshumiro yerubhabhatidzo, ichange iripo mumaminiti angangoita gumi nemashanu, kana makumi maviri kana atowandisa, ndinofunga kudaro. VaKorinte Vekutanga, chitsauko 11, ndima 23.

. . . ndakagamuchira kubva kunaShe icho chandakakupaiwo, Kuti Ishe Jesu nohusiku humwe chete. . . hwaakapandukirwa akatora chingwa:

Zvino akati avonga, akachimedura, . . . akati, Torai, uye mudye: ichi ndiwo muviri wangu, unomedurirwa imi: itai izvi muchindirangarira.

Nenzira imwe cheteyo *akatorawo mukombe*, zvino akati anwa, *akati*, Uyu mukombe wetestamende *itsva muropa rangu: itai izvi, nguva dzose kana muchiunwa, muchindirangarira.*

Nokuti nguva dzose kana muchidya chingwa ichi, nokunwa mukombe uyu, munoratidza rufu rwaShe kusvikira achiuya.

Naizvozvo ani naani asingandyi ichi...ani naani anodya chingwa ichi, nokunwa mukombe uyu waShe, nomutowo usina kufanira, achava nemhosva yomuwiri neropa raShe.

Asi munhu ngaazviyedze pachake, saka momurega adye chingwa ichi, nokunwa mukombe uyu.

Nokuti anodya nokunwa nomutowo usina kufanira, anozvidyira nokuzvimwira kurohwa, zvaasinganyatsonzveri muviri waShe.

Nemhaka iyi vazhinji varipo pakati penyuru vanorwa uye vasine simba, . . .vazhinji vavete.

Nokuti dai taizviyedza isu timene, hatizotongwi.

Zvino kana tichitongwa, tinorangwa naShe, kuti tirege kutongerwa kurohwa pamwe chete nenyika.

Naizvozvo, hama dzangu, kana muchiunganira pakudya, miriranai mumwe nemumwe.

¹³³ Zvino, tive nechinguwana chemunamato chinyararire kune mumwe nemumwe wedu, ndinamataireiwo ini ndichikunamatiraiwo. [Hama Branham vanonamata zvinyoronyoro—Mupepeti] . . . ? . . .

Ipai zvikumbiro izvi, Mwari Samasimba. Tiregerereiwu pakudarika kwedu sekuregererawo kwatinoita vanotitadzira. Izvi tinozvikumbara muZita raJesu Kristu. Amen.

¹³⁴ Utu tupasuru tudiki twechingwa chekosha chakagadzirwa chisina mafuta, mbiriso, nezvimwe zvakadaro, zvinomiririra mutumbi waShe. Hachisi chedenderedzwa, chakamedurwa muzvidimbu zvese. Imhaka yekuti zvinoreva mutumbi waKe wakamedurwa uyo wakamedurirwa isu. Uye dai Mwari vapa maropafadzo aVo kune wese anochidya. Zvino, hausi mutumbi, chinongomiririra mutumbi bedzi. Handina simba, hakuna kana munhu anaro, kuchiita chimwe chinhu kunze kwechingwa. Mwari bedzi. Uye ndizvo zvaVakatitaurira, kuti tidye chingwa ichi uye tinwe mukombe uyu wewaini. Zvino ngatikotamisei misoro yedu.

¹³⁵ Mwari Mutsvene-Tsvene, Uyo watiri varanda vake, muZita raJesu Kristu, chenesaiwo chingwa ichi pabasa rachagadzirirwa, kutiita kuti isu, patiri kuchigamuchira, tirangarire kuti Ishe wedu akarovererwa pamuchinjikwa; uye mutumbi

waKe, wakakosha uye uri mutsvene sezvawaiva, wakanga wakavhenganiswa nemavanga neminzwa nezvipikiri, nokuda kwedu, kuti kubudikidza nemutumbi waKe wakapamurwa pakabuda Mweya unotipa Hupenyu Husingaperi. Dai isu, Ishe, patiri kudya ichi, tava nyenasha dzerwendo, sezvakaita Israeri makore makumi mana vari murenje, Pakati pavo pakanga pasina aiva nehutera. Mwari Baba, zviiteiwo izvi, patiri kunamata kuti Muchenese chingwa ichi, chingwa chekosha, pabasa rachagadzirirwa. Muzita raJesu. Amen.

¹³⁶ Mukombe weTestamende Itsva, Ropa. Ndinofunga nezve rwiyo rwuya:

Kubvira nokutenda pandakaona iya hova
Inodirwa nemaronda enyu anoyerera,
Rudo rwunodzikinura rwave dingindira rangu,
Uye rwuchava izvozvo kusvika ndafa.

¹³⁷ Pandinoona ropa iri, mazambiringa, ropa remazambiringa, ndinoziva kuti rinomiririra Ropa rakabuda mumuviri waIshe Jesu. Dai ani naani anogamuchira izvi ava neHupenyu Husingaperi, dai hurwere hwabva mumiviri yavo, dai kuneta nehutera, kutsimbirirwa, dai dhiyabhore (muchimiro chese) avasiya, kuti vave nesimba guru nehutano neHupenyu Husingaperi, kuti chiedza chavo chipenye pamberi pechizvarwa chino chakaipa uye cheupombwe chatinogara machiri, kuti vakudze Mwari.

¹³⁸ Baba Vekudenga, tinounza kwamuri chibereko chemuzambiringa. MuZita raJesu Kristu, chichenesei, kumiririra Ropa reMwanakomana weNyu, Jesu, nemaRiri tine, “Akakuvadzwa nekuda kwekudarika kwedu, namavanga aKe takapodzwa.” Zviitei, Ishe, kuti Hupenyu huuye kwatiri, Hupenyu Husingaperi hwakawanda zvikuru, kuti tigokwanisa kuKushumirai zviru nani, tive nesimba uye nehutano kuti zvititakure kubva kune imwe nzvimbo kuenda kune imwe uko kwatinotaririra kuKushumirai, kwese kwaMuchatidaidza. Tipeiwo maropafadzo aya, muZita raJesu, tinonamata. Amen.



CHIRAIRO SHO62-0204
(Communion)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Kukadzi 4, 1962, pa Branham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org